

## Videyo Pwen Diskisyon ke Direktè Lekòl Mwayen East Naples Itilize pou Akeyi Vizitè

Sali! Non mwen se Kevin Huelsman, direktè Lekòl Mwayen East Naples, e mwen kontan anpil pou mwen kapab pataje mesaj sa a avèk ou an liy.

Malgre nou pa kapab reyini an pèsòn aktyèlman, nou kontan anpil pou nou reyini e sali elèv klas 6yèm ane nou yo ki ap monte pou sezon otòn nan. Lekòl Mwayen East Naples se yon bon kalite lekòl mwayen eksepsyonèl; li genyen anpil opòtinite pou elèv aprann e avanse. Nou menm se Gators e nou ofri yon gwo gam òf sou kou akademik e elektif.

Eske ou konnen ke Lekòl Mwayen East Naples la genyen yon tradisyon pou ekselans ki dire pandan plizyè deseni pase? Nou genyen yon pèsònèl ki eksepsyonèl e elèv nou yo pa gen parèy.

Kòm ou kapab wè, genyen anpil pou aprann ansanm ak eksperyans pou fè nan Lekòl Mwayen East Naples. Nou okipe sou fè preparasyon pou lòt ane e nou vle pataje kèk enfòmasyon adisyonèl avèk ou.

Anplis videyo a, ou pral resewa yon mesaj nan PowerPoint ki pral ofri enfòmasyon adisyonèl sou kisa pou espere nan lekòl mwayen.

Ou pral resewa tou enfòmasyon sou pwosesis pou seleksyon kou ke nou pral ansenye pandan kèk semenn pwochèn yo.

Ekip administrasyon nou an ki enkli mwen menm ak Asistan Direktris la Madam Gallegos e Mesye Miller la pou ede elèv yo pèfòme nan meyè ke yo kapab. Kòm toujou, nou pral rann tèt nou disponib nan telefòn epi/oswa sou adrès elektwonik pou reponn kesyon ou. Mete ou alèz pou kontakte Madam Gallegos nan 377-3602, Mesye Miller nan 377-3614 oswa mwen menm nan 377-3404. Ou kapab ale nan adrès elektwonik tou sou sit entènèt lekòl la.

Nou pral kontinye rete an kontak avèk ou si genyen enfòmasyon ak chanjman pou kominike avèk ou e nou pa kapab tann pou rankontre ou nan mwa out!